



---

## **Sales Tax Rates, Additional Sales Taxes, and Fees (Pousantaj Taks sou Lavant, Lòt Taks sou Lavant ak Frè)**

---

### **Entwodiksyon**

Biznis ki gen obligasyon pou touche taks sou lavant dwe konnen pousantaj kòrèk taks sou lavant pou aplike pou tout lavant machandiz ak sèvis ki taksab.

Bilten sa a eksplike:

- fason pou idantifye pousantaj kòrèk yo ak fason pou kalkile taks ou dwe a,
- kòd rapòtaj ak chanjman pousantaj jiridiksyon, ak
- lòt taks sou lavant ak frè.

### **Fason pou idantifye pousantaj yo ak fason pou kalkile taks sou lavant**

Pou detèmine kantite total taks sou lavant ou dwe sou lavant lan, miltipliye kantite lavant ki taksab la pa pousantaj taks leta ak taks lokal **total** sou lavant, epi si li posib, pousantaj taks siplemantè Distri Transpò Metropoliten pou Vwayajè (Metropolitan Commuter Transportation District, MCTD). Awondi kantite lajan taks ou dwe a nan nivo siperyè oswa enferyè pou rive nan santim ki pi pre a.

Pousantaj melanje a egal a pousantaj leta (ki se 4% pou kounye a) plis nenpòt pousantaj taks lokal yon vil, yon konte, oswa yon distri lekòl enpoze (plis pousantaj MCTD, si genyen). Anjeneral se jiridiksyon (lokalite) kote ou fè livrezon atik la ki detèmine pousantaj taks lokal la. Pwen livrezon kote vandè transfere posesyon (tit) ak/oswa posesyon atik la ba achtè a. Pousantaj taks lokal ki aplike pou sèvis la se jiridiksyon kote livrezon sèvis la fèt oswa kote sèvis livrezon machandiz la fèt. Pousantaj taks lokal ki aplike pou pri lwave ak frè amizman se pousantaj ki anvigè nan jiridiksyon kote otèl la ye oswa kote amizman an ye.

Yon taks siplemantè  $\frac{3}{8}\%$  (0.375%) sou lavant aplike pou lavant ki taksab yo nan MCTD. Vil New York ak konte Dutchess, Nassau, Orange, Putnam, Rockland, Suffolk, ak Westchester nan distri sa a. Menm règ yo ki detèmine jiridiksyon taksasyon lokal (ki diskite anwo a) sèvi pou detèmine si yon lavant ki taksab depannde pousantaj siplemantè MCTD.

Taks sou lavant pou veiykil-a-motè, tankou oto, kamyon, sèten bato, trelè-bato, RV, ak motosiklèt, kalkile avèk pousantaj taks ki anvigè nan jiridiksyon kote pwopriyetè veiykil la ap viv. Nòmalman sa se adrès moun k ap gen veiykil la anrejistre sou non li.

Règ espesyal yo aplike tou pou fleris ki fè lavant avèk yon ajans transmisyon fleris la. Anjeneral, yo itilize sèvis sa yo lè yon kliyan fè yon kòmann pou flè nan yon eta oswa jiridiksyon, epi yo voye enfòmasyon sou kòmann lan ba yon fleris ki pi pre adrès livrezon an nan yon lòt jiridiksyon oswa eta ki dwe konsène. Nan lavant sa yo, ou dwe kalkile taks sou lavant yo dapre kote kliyan an fè kòmann lan, pa sou kote yo fè livrezon flè yo toutbon. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Bilten Fiskal [Florists: Sales of Flowers \(Fleris: Lavant Flè\) \(TB-ST-277\)](#).

*Egzanp: Madam L ap viv nan Konte Saratoga epi li ale nan yon sant komèsyal ki nan Konte Albany pou achte yon nouvo televizyon. Taks sou lavant li dwe peye a*

baze sou pousantaj melanje taks leta ak taks lokal ki anvizè nan Konte Albany paske se kote Madam L te pran tit ak posesyon televizyon an, menmsi televizyon an pral sèvi nan kay Madam L ki nan Konte Saratoga.

Egzanp: Mesye W ap viv nan Konte Dutchess, men li travay nan White Plains ki nan Konte Westchester. Nan lè repa li, li mennen oto li nan yon atelye ki toupre travay la pou fè yo chanje lwl la. Atelye a ap touche taks sou lavant lan nan pousantaj melanje taks leta, Konte Westchester, Vil White Plains, ak MCTD paske pousantaj yo se pousantaj taks melanje ki anvizè kote li te pran posesyon oto a kote yo te fè sèvis antretyen an. Si atelye reparasyon an te remèt li oto a nan Konte Dutchess, lè sa a pousantaj taks Konte Dutchess te ka aplike alaplas pousantaj taks Konte Westchester ak White Plains. Pousantaj taks MCTD ta toujou aplike paske Konte Dutchess nan MCTD.

Egzanp: Madam B achte sou entènèt epi li fè kòmann yon nouvo po te nan men yon detayan sou Entènèt. Y ap fè livrezon po te a lakay li nan Konte Erie. Madam B ap gen taks pou peye sou acha li nan pousantaj melanje taks leta ak Konte Erie paske y ap fè livrezon po te a pou li nan konte a.

Ou kapab itilize de (2) resous pou jwenn pousantaj melanje kòrèk taks leta ak taks lokal:

- Jiridiksyon sou entènèt [Jurisdiction/Rate Lookup by Address \(Rechèch Jiridiksyon/Pousantaj Taks sou Entènèt dapre Adrès\)](#), oswa
- [Piblikasyon 718, New York State Sales and Use Tax Rates by Jurisdiction \(Pousantaj Taks Eta New York sou Lavant ak Itilizasyon dapre Jiridiksyon\)](#), ansanm avèk lòt piblikasyon enpòtan nan 718 seri.

Nou bay resous sa yo kòm yon avantaj pou ede ou avèk rekouvreman taks sou lavant lan. Men, ou gen responsabilite kòm yon biznis ki gen obligasyon pou touche taks pou asire pousantaj taks ak kòd rapòtaj jiridiksyon an kòrèk lè w ap touche, rapòte, ak remèt taks sou lavant lan.

Gade Bilten Fiskal [Taxable Receipt \(Resi Taksab\) \(TB-ST-860\)](#) tou pou jwenn plis enfòmasyon sou kalkil taks sou lavant ou dwe.

### **Kòd rapòtaj ak chanjman pousantaj jiridiksyon**

Lè ou depoze deklarasyon taks sou lavant ak itilizasyon ou, ou dwe rapòte taks sou lavant ou touche pou chak jiridiksyon apa. Depatman Taks (Tax Department) afekte yon kòd rapòtaj espesyal pou taks ou dwe pou chak jiridiksyon lokal, ki prevwa bon jan kontablite taks ou touche a. Toutotan w ap itilize [Sales Tax Web File \(Fichye Sitwèb Taks sou Lavant\)](#) oswa toutotan w ap itilize [sales tax returns \(deklarasyon taks sou lavant\)](#) ki disponib nan Depatman Taks pou peryòd rapòtaj ou depoze a, n ap ba ou kòd ak pousantaj taks ki kòrèk yo.

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou chanjman pousantaj taks nan kèk fason diferan:

**Sèvis abònman** — Ou kapab anregistre pou resevwa avi nan imèl ki gen pou wè ak taks sou lavant, tankou chanjman pousantaj taks. Avi nan imèl sa yo gen ladan lyen ki mennen ou nan dènye kontni sitwèb ki ajou ak piblikasyon ki bay pousantaj taks sou lavant pou lokalite yo.

Avi konsènan chanjman pousantaj taks lokalite — Si ou anregistre pou rapòte taks sou lavant, n ap voye avi ba ou sou nenpòt chanjman pousantaj taks sou lavant pou nenpòt lokalite kote ou te rapòte taks sou lavant pa twò lontan oswa pou nenpòt konpansasyon taks sou itilizasyon sou nan deklarasyon taks sou lavant ou. Avi a ap gen ladan yon ti anons sou chanjman an, epi l ap gen ladan referans nan avi, piblikasyon, ak memorandòm (ki disponib sou Sitwèb nou) ki bay enfòmasyon detaye sou chanjman an. Avi konsènan chanjman pousantaj taks lokalite a ap gen ladan yon eksplikasyon detaye sou chanjman nan yon pousantaj taks lokal, dat chanjman an

anvigè, nenpòt enstwiksyon oswa chanjman espesyal pou touche taks la nan nouvo pousantaj taks la, ak nenpòt chanjman nan kondisyon pou rapòte taks la.

**Enstwiksyon pou fòm taks sou lavant** — Yon rapèl sou chanjman pousantaj taks ki fèt pandan trimès taks sou lavant lan endike nan enstwiksyon yo pou deklarasyon ak anèks taks sou lavant ou.

**Piblikasyon taks sou lavant** — Yon kantite piblikasyon gen ladan lis pousantaj taks sou lavant selon jiridiksyon. Yon lis piblikasyon sa yo endike nan paj piblikasyon taks sou lavant ki nan Sitwèb nou. Nan pifò ka yo, lè nou fè mizajou nan yon piblikasyon, n ap fè biznis ki afekte avèk chanjman an konnen sa. Avi a konsène biznis nan piblikasyon ajou nou mete sou Sitwèb nou. Epitou gade Piblikasyon [Sales Tax Rate Publications \(Pousantaj Taks sou Lavant\) \(TB-ST-820\)](#) pou jwenn yon lis komplè piblikasyon pousantaj taks yo.

### Lòt taks sou lavant ak frè

Sèten biznis ka gen obligasyon pou touche youn oswa plis taks siplemantè sou lavant ak itilizasyon ak frè ki dekri anba la yo. Yo dwe touche taks ak frè sa yo epitou yo dwe remèt yo menm jan ak taks leta ak taks lokal sou lavant. Deklarasyon taks sou lavant ak anèks yo gen liy apa ak kòd rapòtaj pou ou pou rapòte taks siplemantè sou lavant ak frè siplemantè yo apa.

### Lokasyon oto ki gen pasaje — taks espesyal nan tout eta a

Gen yon lòt taks leta 6% sèlman sou lavant oswa itilizasyon sou lokasyon pou yon tan kout pou yon oto ki gen pasaje yo lwe nan Eta New York, oswa yo lwe deyò Eta New York pou itilizasyon nan Eta New York. *Lokasyon pou tan kout vle di nenpòt lokasyon pou mwens pase yon ane. Gade [N-90-26](#), Special Tax on the Rental of Passenger Cars (Taks Espesyal sou Lokasyon Oto ki Gen Pasaje).*

### Lokasyon oto ki gen pasaje — taks siplemantè espesyal

Anplis taks 6% eta a sou lokasyon oto ki gen pasaje, gen yon taks siplemantè espesyal 5% sou tout lokasyon oto ki gen pasaje kote gen livezon nan MCTD, oswa kote yo lwe oto ki gen pasaje a deyò MCTD pou itilizasyon nan MCTD. Gade [TSB-M-09\(6\)S, Special Supplemental Tax on the Rental of Passenger Cars Within the Metropolitan Commuter Transportation District \(Taks Siplemantè Espesyal sou Lokasyon Oto ki Gen Pasaje nan Distri Transpò Metropolis pou Pasaje\)](#).

### Sèvis amizman ak enfòmasyon yo bay nan sèvis telekomunikasyon

Gen yon lòt taks 5% ki enpoze sou sèvis amizman ak enfòmasyon to bay nan sèvis telekomunikasyon kliyan an resevwa aloral sèlman (pa egzanp, nimewo telefòn ki kòmanse avèk 800 oswa 900). Gade [N-93-20](#), Increase in Tax Rate Applicable to Entertainment and Information Services Provided by Means of Telephony and Telegraphy (Ogmantasyon nan Pousantaj Taks ki Anvigè nan Sèvis Amizman ak Enfòmasyon yo Bay avèk Telefoni ak Telegrafi).

### Sèvis pakin yo vann nan Vil New York

Frè pou sèvis pakin nan Vil New York gen taks leta 4% pou peye, taks lokal 6% Vil New York pou peye, ak taks Distri Transpò Metropolis (MCTD) pou Pasaje  $\frac{1}{8}\%$  pou peye (pou yon pousantaj total taks leta ak taks lokal  $10\frac{1}{8}\%$ ).

Minisipalite Manhattan gen yon lòt taks pakin 8% ki aplike sof si achtè a se yon rezidan ki gen egzanpsyón sètifye (pou yon pousantaj total taks leta ak taks lokal  $18\frac{1}{8}\%$ ). Ou kapab jwenn règ pou kalifye ak fòm aplikasyon pou aplike pou egzanpsyón an nan lòt taks pakin 8% sou sitwèb <http://www.nyc.gov>.

Gade Bilten Fiskal [Parking Services in New York City \(Sèvis Pakin nan Vil New York ki nan\) \(TB-ST-679\)](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

### Frè sou okipasyon otèl nan Vil New York

Anplis taks leta ak taks lokal sou lavant sou okipasyon otèl, yon frè inite otèl pou kantite lajan \$1.50 dola pa inite epi pa jou aplike pou otèl ki nan Vil New York. Frè sa yo rapòte sou [Anèks N](#). Gade [TSB-M-05\(2\)S](#), *Fee on Hotel Occupancy in New York City (Frè sou Okipasyon Otèl nan Vil New York)*, pou jwenn plis enfòmasyon sou frè inite otèl, epitou pou jwenn definisyon yon *inite ki nan yon otèl*.

### Taks sou lavant sèten distri lekòl enpoze

Sèten distri lekòl ki na Vil New York enpoze taks sou lavant sou sèvis publik ak sèvis itilite. Taks sou enstalasyon distri lekòl se yon diplis sou taks sanblab leta ak konte enpoze ak/oswa vil kote distri lekòl la ye. Ou kapab chèche pousantaj total taks sou sèvis itilite yo vann nan yon distri lekòl depi ou antre adrès livrezon sèvis publik la oswa sèvis itilite a nan [Jurisdiction/Rate Lookup by Address \(Rechèch Jiridiksyon/Pousantaj Taks sou Entènèt dapre Adrès\)](#).

Lè ou antre adrès la, w ap jwenn yon deskripsyon sèvis publik oswa sèvis itilite ki anvigè a. Sèvis yo tonbe nan twa (3) kategori:

- sous enèji ak sèvis enèji nan kay,
- sous enèji ak sèvis enèji ki pa nan kay, epi
- sèvis telekomunikasyon.

Distri lekòl ki enpoze taks sa yo, ak pousantaj taks ki anvigè, detaye nan [Anèks B](#) ak [Anèks T](#) ou depoze ansanm avèk deklarasyon taks sou lavant ou.

Gade Bilten Fiskal [Residential Energy Sources and Services \(Sous Enèji ak Sèvis nan Kay\) \(TB-ST-775\)](#) tou.

### Taks Vil New York sou sèten sèvis

Vil New York enpoze taks lokal sou lavant sou sèten sèvis yo bay oswa yo fè livrezon nan Vil New York, tankou:

- sèvis klasman kredi ak sèvis rapòtaj kredi;
- sèvis estetisyen, kwafi, ak reparasyon cheve;
- bwonzaj;
- maniki ak pediki;
- elektwoliz; ak
- sèvis masaj ak sèvis yo bay nan salon pou kontwole gwosè ak sante, jimnazyòm, sona tik ak beny, ak sant sanblab.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis taksab sa yo, gade Bilten Fiskal [Miscellaneous Personal Services and Related Sales in New York City \(Lòt Kalite Sèvis Pèsonèl ak Lavant Asosye nan Vil New York\) \(TB-ST-575\)](#).

Ou dwe depoze [Anèks N](#), *Selected Services in New York City (Sèvis Chwazi nan Vil New York)*, avèk deklarasyon taks sou lavant ou pou rapòte lavant yo epitou pou remèt taks sou lavant ou dwe sou sèvis ki endike anwo a ki tonbe nan règ espesyal pou lavant nan Vil New York.

Nòt: Sèvis dekorasyon ak konsepsyon andedan kay ki fèt nan Vil New York depannde pòsyon taks leta sou lavant sèlman epi yo pa depanne taks lokal sou lavant nan Vil New York. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Bilten Fiskal [Interior Decorating and Design Services \(Sèvis Dekorasyon ak Konsepsyon Andedan Kay\) \(TB-ST-400\)](#).

## Lòt taks lokal

Lwa Eta New York bay lòt jiridiksyon lokal yo otorizasyon pou yo enpoze taks yo administre sou plan lokal, tankou taks sou okipasyon otèl, enèji, ak telekominikasyon. Taks sa yo pa anba kontwòl Depatman Taks (Tax Department) epi ou pa rapòte yo oswa ou pa peye yo sou deklarasyon taks leta sou lavant ou. Lokalite endividyèl yo enpoze, administre, epi touche taks sa yo. Lè w ap kòmanse yon biznis, ou ta dwe kontakte grefye vilaj, ti vil, vil, ak konte a pou jwenn enfòmasyon sou taks lokal sou otèl yo. Si ou bezwen enfòmasyon sou lwa sou taks lokal yo oswa sou lòt lwa lokal, kontakte gouvènman lokal ou.

**Nòt:** Yon Biltén Fiskal se yon dokiman ki bay anpil enfòmasyon epi ki la pou bay konsèy jeneral nan langaj senplifye sou yon sijè ki enterese kontribiyab yo. Li egzat apati dat nou pibliye li. Men, kontribiyab yo ta dwe konnen chanjman ki fèt annapre nan Lwa sou Taks (Tax Law) oswa nan entèpretasyon li ka afekte presizyon yon Biltén Fiskal. Enfòmasyon nou bay nan dokiman sa a pa konsène chak sitiyasyon epi yo pa la pou ranplase lwa a oswa pou chanje siyifikasyon li.

### Referans ak lòt enfòmasyon itil

**Lwa sou Taks:** Seksyon 1101(b)(28), 1109, 1132(b), 1210, 1211, ak 1218

**Règleman yo:** Seksyon 525.3, 526.7, 530.1, ak 533.4(b)

**Piblikasyon yo:**

[Piblikasyon 718](#), New York State Sales and Use Tax Rates by Jurisdiction (Pousantaj Taks Eta New York sou Lavant ak Itilizasyon dapre Jiridiksyon)

[Piblikasyon 750](#), A Guide to Sales Tax in New York State (Yon Gid Pou Taks sou Lavant Nan Eta New York)

**Memorandòm:**

[TSB-M-05\(2\)S](#), Fee on Hotel Occupancy in New York City (Frè sou Okipasyon Otèl nan Vil New York)

[TSB-M-09\(6\)S](#), Special Supplemental Tax on the Rental of Passenger Cars Within the Metropolitan Commuter Transportation District (Taks Spéciale Espesyal sou Lokasyon Oto ki Gen Pasaje nan Distri Transpò Metropolitain pou Pasaje)

**Avi yo:**

[N-90-26](#), Special Tax on the Rental of Passenger Cars (Taks Espesyal sou Lokasyon Oto ki Gen Pasaje)

[N-93-20](#), Increase in Tax Rate Applicable to Entertainment and Information Services Provided by Means of Telephony and Telegraphy (Ogmantasyon nan Pousantaj Taks ki Anvigè nan Sèvis Amizman ak Enfòmasyon yo Bay avèk Telefoni ak Telegrafi)

**Biltén yo:**

[Interior Decorating and Design Services \(Sèvis Dekorasyon ak Konsepsyon Andedan Kay\)](#) (TB-ST-400)

[Residential Energy Sources and Services \(Sous Enèji ak Sèvis nan Kay\)](#) (TB-ST-775)

[Sales Tax Rate Publications \(Pousantaj Taks sou Lavant\)](#) (TB-ST-820)

[Taxable Receipt \(Resi Taksab\)](#) (TB-ST-860)